



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE ENSKRIPSYON POU DISKOU ETA LETA 2018  
LAN YO OUVRI KOUNYE A**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke enskripsyon yo ouvri kounye a pou Diskou Eta Leta 2018 lan ki ap fèt nan dat 3 Janvyè a 1 p.m. nan Sant Konvansyon Empire State Plaza ki nan Albany. Moun New York yo ki swete patisipe yo ta dwe vizite paj akèy sit Gouvènè a pou enskri: [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov) anvan enskripsyon yo fèmen nan dat 15 Desanm a 5 p.m.

Plas yo limite, epi ou pa kapab transfere tikè yo. Nan ka ke kantite demann yo ta depase kantite plas ki disponib yo, n'ap chwazi patisipan yo apati yon tiraj-osò. Yo pral enfòme envite yo de seleksyon yo apati yon imèl pa pi ta pase dat 1 Janvyè.

Y'ap fè envite yo sonje ke valiz, sakado, malèt, pake, pòtfèy, avèk atik ki menm jan yo estrikteman entèdi nan aktivite a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418